ХУÆРЗГÆНÆГ ХУАРЗ КÆМИ ИССИРДТА, УОРДÆМÆ МÆ КУ ФÆХХОНИСÆ!..




*Александр СУВОРОВ (1730-1800), номдзуд æфсæддон архайæг: «Ес уæхæн адæми муггаг: сауæнгæ син хуарз ка фæууй, е дæр се 'знагæй рагæпп ласуй, уомæн æма се 'мхузон исунгъон нæ фæууй. Арв дæр зæнхæн устур хуæрзти бацæуй, æ хорæй æй батавуй, æ уаруни æртæхтæ ин цæрæнхуасæ фестунцæ. Зæнхæ ба ин цæмæй бафедауй æ хуæрзтæ? Ругæй!..»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№12 (884) 2023 анзи 8 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НÆ КАДÆ ÆМА НАМУС



## СОВЕТОН ЦÆДЕС РАЙДÆДТА КОСМОСОН АНЗФИНСТ!..

Дуйнети историй сугъзæрийнæ дамугъатæй финст æрцудæй 1961 анзи 12 апърел. Еци бон æрцудæй нæ Зæнхæбæл цæрæг адæмтæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ æности кæмæ бæлдтæнцæ еци цау – дун-дуйнети æнгом æхгæд дуæрттæ хъæбæр нифсгунæй фиццагидæр фегон кодта советон цæргæс Юрий Гагарин. Еци уæлахез советон адæймаги къохи ку бафтудæй, уæд нин еугур дуйней аллирауæнти дæр дзиллитæ зæрдиагæй арфитæ æрвистонцæ, æрдзæф нин кодтонцæ, сæ цийнæн кæрон дæр нæбал адтæй. Гагарин арви туґди Зæнхи алливæрсти ку æрзилдæй, уæд Франций Президент Шарль де Голль ниффинста:«Советон ахургæндтæ æма астронавтти уæлахез кадæ кæнуй Европæн æма еугур дзиллитæн дæр».

Уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма 12 апърел уæдæй фæстæмæ нимад цæуй авиаци æма космонавтики Еугурдуйнеон бонбæл. Аци бæрæгбони фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн 3-аг фарсбæл.



Цæгат Иристони адæмон финсæг ДАУРАТИ Дамир (галеуæрдигæй) æма Уæрæсей æскъуæлхт хузæгæнæг, нæ республики адæмон хузæгæнæг ДЗБОЙТИ Михаил хъæзауатонæй архайунцæ нæ уарзон Иристони хуарзи сæрбæлтау.

## ÆМГАРЫ ЗÆРДÆ – НЫФСДÆТТÆГ!..

*Ме стыр хæлар, нæ республикæйы адæмон нывгæнæг Дзбойты Михал, æз æй рагæйдæр буцæн Мишæ хонын, 13 апърелы бæрæг кæндзæн йæ 85 азы юбилей. Æз ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд, фæнда мæ – нæ фæнда, уæддæр ныддис кæнын, мæнæ, зæгъын, рæстæг куыд тагъд атахт. Æмæ та уæд мæ цæстытыл ауайынц ивгъуыд æнусы 60-æм азты Дзæуджыхъæуы педагогон училищейы иумæ куы ахуыр кодтам, уыцы бонтæ: æз – ахуырады хайады, уый та – нывгæнæджыты. Фæлæ нæ дыууæйы дæр иу кодта сфæлдыстадмæ уарзондзинад. Уыцы азты уым куыста тыхджын литературон къорд, разамынд та йын лæвæрдта нæ ахуыргæнджытæй иу – Зæнджиаты Розæ. Уый нын не 'нæхин зæрдæты хъарм хуымæгæнды рæдауæй байтыдта уарзты æмæ æмгардзинады нæмгуытæ. Махæй иуæй дæр уый рох нæу æмæ хатгай Мишæйы хъæппæрисæй нæ сызгъæрин ахуыргæнæджы йæ хæдзары Терчы был бабæрæг кæнæм, фæбадæм, фæныхæстæ кæнæм, кæддæры æвзонг азтæ æхсызгонæй æрымысæм.*

*Уый кæд æмæ кæд уыдис, фæлæ мах Мишæимæ хæлæрттæй баззадыстæм, арæх амбæлæм куы Дауыратæм, куы Дзбойтæм, арæхдæр та уымæн йæ æрмадзы. Мæ хæлар дæсны дзурæг у, цымыдисаг æмныхасгæнæг, афтæ йæм хъус æмæ хъус, уæлдайдæр йе сфæлдыстады сусæгдзинæдты, йæ альварс царды цы цаутæ цæуы, абон аивадæн цас аргъ ис, йæхæдæг ныры хицауадмæ цы зæрдæ дары, уыдæтты тыххæй. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, бирæ фенæг бирæ фæзоны, зæгъæ.*

*Нæ алы фембæлдæй дæр æз баззайын разыйæ, раздæхын дзы рæсугъд æнкъарæнтимæ, хъуыдытыл мæ бафтауынц йæ дзуринæгтæ, уыдон та йын вæййынц цы федта, цы фехъуыста æмæ йæхи удæй кæй банкъардта, æрмæстдæр ахæмтæ. Ныр ын цалдæр хатты фæдзæхсгæ дæр ма ныккæнын, зæгъын, алцы дæ зæрдæмæ афтæ хæстæг ма ис. Йæ мидбылты бахуды, йæ къух ауигъы, ома, мæ æндæр хуызы нал сараздзынæ.*

*Æз ын йæ уыцы дзуринæгтæ хатгай мæ бонымæ дæр бахæссын, зæгъын, искуы мæ истæмæн куы бахъæуой. Мæнæ ныры хуызæн. Дæлдæр дзы сымах дæр иу цалдæр бакæсут, хатдзæгтæ-иу уæхæдæг скæнут...*

ДАУЫРАТЫ Дамир

## АХСГИАГ ЦАУ



## ЦИТГИН МАДЗÆЛТТÆ НÆ НОМДЗУД ÆМЗÆНХОНИ КАДÆН

Нæ номдзуд æмзæнхон, игъустгонд уæрæсейаг театралон архайæг Вахтангов Евгений Багратиони фурти райгурдбæл 1 феврали исæнхæст æй авдинсæй анзи. Аци ахсгиаг цау цитгинæй исбæрæг кæнуни нисанеуæгæй Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй аллихузон мадзæлттæ. Уой фæдбæл бæлвурдæй дзубанди цудæй, æрæги Мæскуй агентадæ ТАСС-и ци пресс-конференци адтæй, уоми. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хæццæ ма си архайдтонцæ Уæрæсей Президенти Æхсæнадон проектти управлени хецауи хуæдæйиевæг **Александр Журавский**, нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæйиевæг **Игорь Барсков**, Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл Паддзахадон академион театри директор **Кирилл Крок**, Уæрæсей адæмон артисттæ **Евгений Князев**, **Юлия Рутберг** æма æндæртæ.

Еци мадзали рæстæг журналисттæн куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй Дзæуæгигъæуи историон хайии 30 апърели байгон уодзæнæй Евгений Вахтангови Хæдзарæ-музей. Уой фæдбæл бæрæгбони архайгутæ еци бон нисаддзæнæнцæ сирени къотæртæ, зундгонд режиссер сæ хъæбæр берæ уарзта. Уой фæсте ба базонгæ уодзæнæнцæ нæуæг културон центри хæццæ. Еци изæр се 'сфæлдистадæ равдесдзæнæнцæ Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл паддзахадон академион театри артисттæ æма эстрадон зартæгæнгутæ.

Журналисттæн сæ фарстатæбæл дзуапп дæттæй Сергей Меняйло загъта:

– Дзæуæгигъæуи Евгений Вахтангов æригонæй ци азгъунсти цардæй, уоми Хæдзарæ-музей ке байгон уодзæнæй, е республикæ æма нæ бæстæн æнæгъæнæйдæр ахсгиаг цау æй. Аци гъуддаг исаразун кæд æнцон нæ адтæй, уæддæр нин бантæстæй, Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл театри разамунди хæццæ.


2



ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

*Катон Хестæр, рагон ромаг финсæг æма политик: «Адæймаги цард æфсæйнаги хузæн æй: гъуддагæн си ку пайда кæнай, уæд фехсуйун байдайуй, уотæ си ку нæ пайда кæнай, уæдта ’й изгæ бахуæруй...» Æма уой нæ нури цардиуаги нæ уинæн: цæйбæрцæбæл изгæхуæрд ирисхъитæ ес нæ алфамбулай...*

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Цæгат Иристони автономий сæдæ анзей кадæн 2024 анзи гъæуама уагъд æрцæуонцæ почти сæрмагонд маркъитæ, блоктæ, фæлгонцгонд уодзæнæнцæ нæ республики туххæй хузæгæндтитæй.

* * *

**Мæздæги æма Горæтгæрони районти фæззиндзæнæнцæ адæмæн социалон лæггадæ кæнуни центртæ. Бæрæггонд æрцудæнцæ, етæ кæми арæзт æрцæудзæнæнцæ, еци рауæнтæ.**

* * *

Гæнæн ес, æма Цæгат Иристони дæр фæззиндзæнæй ботаникон дзæхæра. Уой исаразунæн фæййагъаз кæнуни туххæй сæрмагонд бардзурд нæ республики минæвæрттæ бафинстонцæ Хъирими номдзуд Никитаг ботаникон дзæхæрай разамунди хæццæ.

* * *

**Регионти еумæйаг аллианзон равдист «Цæгат Иристони будури Бон» аци хатт арæзт æрцæудзæнæй Беслæни. Фæууинæн си уодзæнæй аграрон къабази нæуæгдзийнæдтæ, аллихузон гъæуунхæдзарадон техникæ.**

* * *

Аци анз Цæгат-Кавказаг хуæнхон-металлургон институти арæзтадон отряд – уодзæнæй си 257 студенти – кустадон практикæ рацæудзæнæнцæ кустуат «Норильскникельремонт»-и. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма аци кустуати структурон дæлкъабæзти алли анз дæр кустмæ райсунцæ институти дæс æма дууинсæйемæй фулдæр рауагъдони.

* * *

**Суанти Кими номбæл эстрадон оркестрбæл исæнхæст æй дæс æма инсæй анзи. Уой фæдбæл æрæги Цæгат Иристони паддзахадон университети концертон зали номдзуд коллектив исаразта юбилейон концерт.**

* * *

Æрæдони райони Бехъани поселокки байгон æй нæуæг фельдшерон пункт. Фарæ ба нæуæг амбулатори байгон æй аци райони Къостайгъæуи. Мæздæги райони ба Павлодольскийи станици капиталон цалцæги фæсте нæуæгæй ахуртæ райдæдтонцæ бунæттон скъолай.

* * *

**«Æрхъолагонд Сталингради цæрæг», зæгъгæ, нисан кæмæ ес, еци адæймæгутæ Устур Фидибæстон тугъди ветерантæбæл нимад куд цæуонцæ, уæхæн закъони проекти фарс æнцæ Цæгат Иристони депутаттæ дæр. Сæ еци фæндæ фегъосун кодтонцæ Парламенти совети. Гъæуама уонæн дæр паддзахади ’рдигæй лæвæрд цæуонцæ социалон агъази лæггæдтæ.**





# «НÆ ЦАРДИУАГÆ ФÆХХУÆЗДÆР КÆНУН НÆХЕМÆ КÆСУЙ!..»

Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети рагондæр æма агъазиаудæр хæйттæй еуебæл нимад цæуй историон факультет. Æ беранзиккон архайди нисанеуæг æй Фидибæсти истори æртасун æма уой туххæй дæсни специалисттæ цæттæ кæнун. Нури фæлтæртæ си изолдæр хъæртун кæнунцæ, хестæртæ ци агъазиау æма бафæнзуйнаг æгъдæуттæ æма фæткитæ ниууагътонцæ, уони, уой хæццæ ба ма сæ гъæздугдæр кæнунцæ сæхе æнтæстдзийнæдтæй. Нуртæккæ факультети цæттæ кæнунцæ историй ахургæнгутæ, уой хæццæ ба ма си парахаттæй арæзт цæуй наукон-æртасæн куст. Еци еугур хабæртти фæдбæл бундорон дзубанди рауадæй, нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** историон факультети студентти хæццæ æрæги ци фембæлд адтæй, уоми.

– Абони хумæтæги нæ фембалдæн, – загъта æ радзубандий Сергей Меняйло. – Махæй алкедæр, æнæмæнгæ, уарзуй æ Райгурæн бæстæ. Æма е гъæуама нæ бæлвурд гъуддæгутæй бæрæг уа. Куд зонетæ, уотемæй нæ республики ес берæ историон циртдзæвæнтæ, кæцидæртæ си кæронмæ æртæст нæма ’рцудæнцæ, уотемæй ба ихæсгин ан, æности сæрти нæмæ ка æрбахъæрттæй, еци хæзнатæ цæмæй иронхуати ма уонцæ, уобæл æновудæй архайунæй. Уомæ гæсгæ мæмæ ес ахурдзау фæсевæдмæ устур курдиадæ: хуарз уайдæ, æригон лæхъуæнтæ æма кизгуттæ, нæ Райгурæн бæсти анзфинсти хабæрттæ арфдæр базонуни нисани хæццæ балцитæ ку аразиуонцæ нæ республики кæмттæмæ æма æндæр рауæнтæмæ, ку исбæлвурд кæниуонцæ рагон циртдзæвæнти равзурд, уæд син е уайдæ комкоммæ зингæ æртасæн куст. Ке зæгъун æй гъæуй, аци гъуддаги сæ хæццæ уодзæнæнцæ нæ республики культури Министрадæ, туризми райрæзти Комитети æма историон-культурон есбонади циртдзæвæнтæ багъæуай кæнуни республикон Комитет. Архиви æвæрæнтæ æма нуриккон гæнæнтæ байеу кæнгæй, исаразæн уодзæнæй гъæздуг цæмæдесаг каталог. Ци берæ иуазгутæ нæмæ цæуй, уонæн цæмæй æнцондæр лæдæрд уа, уæхæн бунæтти хе куд дарун гъæуй, уой туххæй æма æндæр зонуйнæгти хæццæ финст фæйнæгутæ бафедар кæнун гъæудзæнæй, уæхæн, недзамантæй лæууæг циртдзæвæнтæбæл. Никки ба ма си гъæудзæнæй бафинсун, æртасæн куст ка бакодта, еци студент æма æ разамонæги муггæгтæ дæр. Берæ æнзти фæсте, ка ’й зонуй, ардæмæ æрбахондзинайтæ уæхе кæстæрти æма уони хъæболти дæр æма син уони сæрустурæй æвдесдзинайтæ... Зинæй си неци ес, фал уæмæ гъæуама уа фæндæ æма разæнгарддзийнадæ…

Цæмæй аци ахсгиаг гъуддаг цæфбæл арæзт æрцæуа, уомæ гæсгæ республики разамонæг зали бадæг фæсевæдæй ку ракурдта, аци кустмæ си æ нифс ка хæссуй, æ фидтæлти зæнхи истори бундоронæй базонун ке фæндуй, зæгъгæ, уæд си беретæ аразийæй исистадæнцæ. Сергей Меняйло байхæс кодта профилон комитеттæн, цæмæй сæ къуæрттæ искæнонцæ, исбæрæг кæнонцæ маршруттæ. Алливæрсуг агъаз син ке уодзæнæй хецауади ’рдигæй, уомæй син зæрдæ байвæргæй, загъта:

– Еумæйаг хъæуритæй историон зæрдæбæлдарæн бунæттæ багъæуай кæнæн, ке цалцæг, ке ба нæуæгæй райаразуни гъуддаги хæццæ сæ рæстæгмæ æрæхгæнун багъæудзæнæй. Дзордзинан нæ изæдбадæн ковæндæнттæбæл, нæ уодварни хæзнатæбæл, цæмæй æности сæрти ма фесæфонцæ.

Фембæлди рæстæг ма Сергей Меняйло дзуæппитæ равардта ахурдзау фæсевæди фарстатæн.

– Кæд ди федарæй æруагæс кæнуй, æма дæ гъудитæ, дæ принциптæ раст æнцæ, уой федарæй зонис, уæд æнæ къулумпийæй размæ цо, фæстæмæ фæккæсæфæккæсæ кæнгæй уæлахез нæ фæууиндзæнæ, – загъта республики Сæргълæууæг студенттæн.

**Акъуати Батрадз** е ’мбæлтти номæй ракурдта, цæмæй «госпитæлон уæлмæрдтæ» ке хонунцæ, сæдæгай æфсæддонти ингæнтæ кæми ’нцæ, уой мемориалон хузи багъæуай кæнунæн син агъазгонд æрцæуа. Сергей Меняйло федарæй загъта, æ бунат аййевгонд ке ’рцæудзæнæй. Уой хæццæ ба ма баханхæ кодта:

– Нæ евгъуд рæстæгути хабæрттæн иронхгæнæн нæййес, фал уæхуæдтæ рагъуди кæнетæ, нæ сахари уойбæрцæ мемориалон комплекстæ куд исаразæн ес? Гъæуй, æвæдзи, расагъæс кæнун, нæ Фидибæстæ алли æнзти гъæуайгæнгутæн еумæйаг уæхæн номерæн бунат равзарун...

Фембæлди архайгути фарстатæй кæцидæртæ адтæнцæ транспортон инфраструктури уавæри, Дзæуæгигъæуи æндаг бакасти, амалгъонади райрæзти фæдбæл. Сæрмагонд æфсæддон операций туххæй дзоргæй, республики разамонæг куд загъта, уотемæй нуртæккæ сæйрагдæр ке ’й, не ’фсæддонти багъæуайгæнгæй, еци мадзали нисантæ кæронмæ исæнхæст кæнун.

# ЦИТГИН МАДЗÆЛТТÆ НÆ НОМДЗУД ÆМЗÆНХОНИ КАДÆН

Куд ма фегъосун кодта, уотемæй республики ма ес Мариинаг театри æма А.С. Пушкини номбæл хузæкæнунади аййевади Паддзахадон музейи филиалтæ, е республики культурон цард гъæздугдæр кæнуй. Æ радзубандий ма сæрмагондæй райарфæ кодта Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл театри директор Кирилл Крокæн æма вахтанговонтæн, уони агъазиау агъази фæрци Хæдзарæ-музей исцæттæ ’й.

Кирилл Крок æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй Хæдзарæ-музейи дуккаг уæладзуги исаразтонцæ XVIII-XIX æности къупецæгти хæдзари уавæртæ, фиццаг уæладзуги ба – камерон театралон зал 80 бунатей хæццæ арт-кафей хузæн:

– Ами æвдесдзæнæнцæ моноспектакльтæ, исфæлдистадон фембæлдтитæ, концерттæ. Балхæдтан антикварон хæдзари дзаумау, Евгений Вахтангови бийнонтæнин балæвар кодтонцæ режиссери тамакудумæн. Хæдзарæ-музей косдзæнæй къуæрей авд бони, æрбацæуæг адæмæн сæ бон уодзæнæй экскурсити архайун, аудиогид



райсун æма экспозици фæууинун. Артисттæ хуцаубони музейи æвдесдзæнæнцæ моноспектакльтæ.

Куд ма загъта, уотемæй тагъд музейæн фæззиндзæнæй æхе сайт, уоми равгæ уодзæнæй исфæлдистадон мадзæлтти афишити хæццæ базонгæ унæн, уæдта онлайн уагæй уонæмæ билет балхæнунæн.

– Хæдзарæ-музей байгон кæнунмæ нæ театри артисттæ иссæуудзæнæнцæ æмхузонæй, – фегъосун кодта Кирилл Крок. – Сæ еуетæ архайдзæнæнцæ концерти, иннетæ 3 майæй 8 маймæ – Уруссаг æма Ирон академион театрти æвдесдзæнæнцæ спектакльтæ. Бæрæгбони мадзæлттæ равдесуни туххæй Цæгат Иристонмæ ’рцæудзæнæнцæ федералон дзиллон хабархæссæг фæрæзнити 30 косæги, иуазгутæ – 500, – фæббæрæг кодта театри директор.

Дзæуæгигъæуи Евгений Вахтангови номбæл квартал исаразунæн циуавæр уавæртæ гъæуй, зæгъгæ, журналистти фарстæн дзуапп дæтгæй, Кирилл Крок æма Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй гъуддагбæл дæр дзубанди цудæй – музейи алфамбулай Арт-квартали фæззинд банимайæн ес ахсгиаг нисанбæл.

Кирилл Крок æ радзубандий кæронбæттæни ма загъта:

– Сæрмагондæй мæ райарфæ кæнун фæндуй Сергей Меняйлойæн, алли фарстай фæдбæл дæр цæттæ адтæй фæййагъаз кæнунмæ. Евгений Вахтангови Хæдзарæмузей цæргутæн æма иуазгутæн дессаги гъæугæ æма агъазиау бунат ке исуодзæнæй, уобæл нæ зæрдæ дарæн...

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

**Зундгонд этнограф, кавказæртасæг Гарданти Амурхани фурт Батрази райгурдбæл 9 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1989).**

***Космосон итигъдадæ æсгаруни фæдбæл социологтæ ци уæрæсейæгти бафарстонцæ, уонæн сæ 42 процентей гъудимæ гæсгæ уой туххæй программитæ фæуурухдæр кæнун гъæуй, 47 проценти – сæ абони бæрци сæ багъæуай кæнун. Фæмминкъийдæр сæ кæнун гъæуй, зæгъгæ, ба гъуди кæнунцæ æрфарсти архайгути 6%.***



ТОКАТИ Гогки



Юрий ГАГАРИН космосæй зæнхæмæ ку æрæздахтæй, уæд ибæл фиццагидæр ка исæмбалдæй, е адтæй ирон лæг ГАСИТИ Ахмед.



Дууæ устур лимæни адтæнцæ дууæ æмноми – нæ номдзуд æмзæнхон КУЧИТИ Юрий æма Юрий ГАГАРИН.

# ÆГÆРОН АДТÆЙ АДÆМÆН СÆ ЦИЙНÆ!..

* * *

Дууæ æма æртинсæй анзей размæ, 1961 анзи 12 апърели æнæгъæнæ дуйнетæбæл ку райгъустæй, адæмæй æруагæс дæр æнхæстæй ка нæ кодта, еци цæмæдесаг хабар, гъома, космосмæ исхъæрттæй зæнхон адæймаг, уой дæр советон адæймаг, уæд дзиллитæн сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Уотæ еци гъуддаги фæдбæл æгæрон агъазиау адтæй Цæгат Иристони цæргути цийнæ дæр. Еци рæстæги газеттæмæ ку 'ркæсæн, уæд си уой фæдбæл бакæсæн ес берæ зæрдæмæдзæугæ æрмæгутæ. Сæ еугурей хæццæ уæ базонгæ кæнуни фадуат нин нæййес, фал уин си еуцалдæр æвдесæни уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан.

Иристони æнæгъæнæйдæр æндæр дзоруйнаг нæбал адтæй – айдагъдæр Юрий Гагарини кой. Алкедæр цийнæ кодта нæ уарзон Фидибæсти алæмæти историон æскъуæлхтдзийнадæбæл.

Хабар надбæл ка фегъуста, етæ сæ бийнонтæмæ, сæ хæстæгутæмæ, сæ зонгитæмæ хæлæф кодтонцæ райарфæ кæнунмæ. Нури кæстæртæй, ка 'й зонуй, е æруагæс дæр нæ кæндзæнæй, фал æцæгæйдæр уотæ адтæй. Мæнæ газеттæй еуеми куд финстонцæ, уотемæй Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу турбази хуæдтолгити æмæзмæлдмæ цæстдарæг милиционер Дзбой-фурт уæлдай игъæлдзæг адтæй. Æ зонгæ шофертæмæ исдзоруй:

– Фегъустайтæ? Уæларвмæ лæг фæттахтæй!

– Тагъддæр, тагъддæр, кæд ди космонавт рауайидæ!

– Лæхъуæн, дæ машинæ Гагарини скъæрд ку кæнис!

Хуæдтолгити хецæуттæ сæ медбилти баходиуонцæ æма æхцæуæнæй салам раттиуонцæ милиционерæн.

* * *

Сумахмæ гæсгæ, цæбæл фæдздзорунцæ, игурæндони ци æнгъæлмæкæсгутæ æрæмбурд унцæ етæ? Айдагъдæр – нæуæгигурдбæл. Айдагъдæр – уой цæрабæл. Фал абони Томай-фурти гъæунги игурæндони еци дзурдтæмæ неке райевдалдæй. Еугурæйдæр дзурдтонцæ, уæлæрвтæмæ ка фæттахтæй, еци нæуæгигурд бæгъатæри туххæй. Ка 'й?.. Цирдигон æй?.. Фæрсунцæ æнгъæлмæкæсгутæ, дохтиртæ.

– Верæ Дмитрийи кизгæ, хæстæгдæр мæмæ æрбацæуай, – дохтирмæ æ хуссæнæй дзоруй еу уосæ.

Е Олимпиадæ Георгийи кизгæ Холопова 'й. Абони ин сæумæцъæхæй райгурдæй биццеу – амондгун цæруйнаг. Ном дæр ин, æнгъæлдæн, нæма равардтонцæ... Силгоймагмæ бауадæй дохтир Михайлиди:

– Естæмæй тухсис?

– Нецæмæй тухсун... Мæ бæдоли мæмæ равдесайтæ...

Сувæллон имæ ку бахастонцæ, уæд исдзурдта:

– Юрик!.. Юрик!.. Мæ уоди гага!

Æ рази ка адтæй, уонæн ба балæдæрун кодта:

– Уæлæрвтæмæ фæттæхунмæ æ нифс ка бахаста, мæ биццеубæл еци бæгъатæри ном æвæрун. Далæ æрбацæуæни мæ сæри хецау лæууй, æма ин фегъосун кæнетæ: æ фуртбæл ном æвæрд æрцудæй – Юрий!

– Абони, сæумæй нæмæ ци фондз биццеуи райгурдæй, етæ, æвæдзи, еугурæйдæр Юрийтæ уодзæнæнцæ, – цийнæгæнгæй дзурдта Михайлиди...

* * *

Космоси мах фиццаг ке адтан, уомæй абони дæр нæ суйни сæрбæл бæрзонд хуæцæн, нæ фæлтæрддзийнадæ нин фæнзунцæ иннæ бæститæ дæр, дæнцæн нæ хæссунцæ. Уæларвон тугъдадæмæ зæнхон минæвæртти рарветуни гъуддаг исаразуни ка фескъуæлхтæй, уонæй еу адтæй не 'мзæнхон, секейраг-ставддортаг Токати Григорий (Гогки). Аэронавтики Гогки абони дæр ма нимад æй номдзуддæр ахургондбæл. Кæд æ бæстæй фæххаудтæй, кæд ин æ цæмæдесаг фæндитæ исæнхæст кæнун, е 'ргъудиконд тæмæссаг техникæ гъуддаги бавдесун айдагъдæр Англис æма Америки бантæстæй, уæддæр си Иристони дзиллитæ сæрустур æнцæ, гъома, махæй дæр космос басгаруни гъуддаги агъазиау байвæрæн ке ес нæ номдзуд æмзæнхони уæларвон хъиамæтти фæрци, уомæй. Уогæ ма еци гъуддагмæ берæ зингæ байвæрæнтæ бахастонцæ не 'мзæнхонтæй беретæ, уони туххæй кæддæр финсгæ дæр кодтан.

Æма ма еума гъуддаги туххæй æнæмæнгæ зæгъун гъæуй абони. Космонавтики къабази зундгонд архайæг Къомайти Руслани хъæппæресæй æма уодуæлдай архайди фæрци Дзæуæгигъæуи æртæ анзей размæ байгон æй космонавтики скъола. Цæмæй еци ахсгиаг гъуддаг арæзт æрцудайдæ, уомæн ин хъæбæр фæййагъаз кодта нæ республики уæди Сæргълæуууæг Битарти Вячеслав – зæгъун гъæуй уой, æма, ци хæрзтæ гъудæй, уонæн сæ зингæ-зингæдæр хай æхе фæрæзнитæй радех кодта. Нуртæккæ аци скъола нæ кæстæртæн иссæй сæ тæккæ хиццагдæр рауæн. Ка 'й зонуй, æма си кадæртæ исонибони исуодзæнæнцæ кенæ космонавттæ, кенæ ба космос æсгаруни искурдиадæгин архайгутæ, æма уомæй уæлдай бæрзонддæрмæ исесдзæнæнцæ нæ Иристони кадæ æма намус. Бантæсæд син!..



**Дзæуæгигъæуи космонавтики Скъола 2020 анзи игон кæнуни мадзали архайдтонцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): нæ республики уæди разамонæг БИТАРТИ Вячеслав, космонавттæ, Уæрæсей Бæгъатæр Александр ЛАЗУТКИН æма Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Владимир ДЖАНИБЕКОВ, КЪОМАЙТИ Руслан.**



Космонавт Андриан НИКОЛАЕВ Цæгат Иристони хецауади æма фæллойнадон коллективти минæвæртти хæццæ. 1972 анз.



Космонавт Валентинæ ТЕРЕШКОВА Дзæуæгигъæуи 27-аг скъолай коллективи хæццæ. 1966 анз.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, намусгин инæлар Цæликкати Александри фурт Хъантемури райгурдбæл 10 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1944).**

**_МÆРГЪИТИ Таймураз, Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси сæрдар: «Е дессаг куд нæй, æма нæмæ рæстæмбес гъæубæл нимад ка цæуй, еци Синдзигъæу нин балæвар кодта дессаги искурдиадæгин адæймæгути – е дин дессаги хуæдахур скульптор Едзити Сослæнбег, е дин иннæ алæмæти искурдиадæгин скульптор Тауасити Сослæнбег... Се ’мрæнгъæ ’рлæудтæй се ’мгъæуккаг Дзбойти Михал – уой скульпторон куститæ иссæнцæ нæ национ аййевади хæзнадони гъæздугдзийнадæ._**









# ФИДАР НЫХАС – ФИДАР МÆСЫГ!..

## ХАХУЫРГÆНÆГÆН РААРФÆ КОДТОН

Мæскуыйы Суриковы номыл аивæдты Академи каст куы фæдæн, уæд нын ресторан «Арагви»-йы банкет уыдис æмæ йæм нæ ахуыргæнджыты дæр æрбахуыдтам. Ахæм бон куыд вæййы, афтæ сын фынджы уæлхъус бузныг загътам, уыдон та нын – фæстаг фæдзæхстытæ. Ныхасы бар зындгонд нывгæнæг Михаил Бабуринмæ куы æрхаудта, уæд мæнæ афтæ райдыдта:

– Мæнæ уын чысыл раздæр дипломтæ радтам, фæлæ рагацау афтæ ма банхъæлут æмæ скульптортæй агæпп ластат…

Мах кæрæдзимæ бакастыстæм, ныххудтыстæм, фæлæ йæ æнæуи та æмбæрстам, уыцы ном райсыны размæ ма нæ æцæгæйдæр бирæ фыдæбон кæнын кæй хъæудзæн, уый.

– Сымах нæ бæстæйы алы рæтты ахæлиу уыдзыстут, – кодта дарддæр йæ ныхас Бабурин, – архайдзыстут алыхуызон равдыстыты уæ куыстытимæ, чи зоны, æмæ уæ нывгæнджыты Цæдисмæ дæр райсой, къорд цыртдзæвæны сараздзыстут æмæ суыдзыстут лауреаттæ дæр, фæлæ-иу уæддæр рагацау уæхи скульптортыл ма банымайут…

Мах та ныддис кодтам, ме ’мбæлттæй чидæр нал фæлæууыд, сыстад æмæ йæ хъæрæй бафарста:

– Уæдæ-иу уæд кæцы сахатæй фæстæмæ райдайæм нæхи æцæг скульптортæй нымайын?..

Бабурин бахудти æмæ мæнæ ацы ныхæстæ загъта:

– Уæ зæрдыл æй бадарут: мæнæ уыл хахуыртæ фыссын куы райдайой, уæд-иу æй зонут: сымах уæ дæсныйады уæхи ссардтат.

Мæ бон дын бафиппайын у, Дамир, уый, æмæ хахуыргæнæг дæр йæхирдыгонау курдиатджын адæймаг кæй у. Уый дыл ахæмтæ æрымысдзæн, кæцытæ æндæры сæры никуы равзæрдзысты, æз уыыл æдзухдæр дис фæкæнын. Иу хатт архайдтон уæртæ Чырыстоныхъæуæй граждайнаг æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдонæн цыртдзæвæн скæныны тыххæй конкурсы. Иу чидæр сбадт æмæ партийы ЦК-мæ писмо арвыста, ома, дам, нæ республикæйы сæргълæууæг Хъæбæлоты Билар æмæ Дзбойты Михал дыууæйæ дæр сты иу районæй, Дыгуры районæй, æмæ Михал конкурс æрмæстдæр уый руаджы рамбылдта. Мæн та уæдмæ Билар зонгæ дæр нæма кодта, цæстæй дæр мæ никуы ма федта.

Уыцы конкурсæн уыдис цалдæр къæпхæны, фæстагмæ дзы рахастой æрмæст цыппар куысты, чи сæ кæй уыди, уый æвзарæн къамисы уæнгтæ сæхæдæг дæр нæ зыдтой.

Иу бон равдыстмæ æрбацыдысты партийы обкомы кусджытæ, стæй Дыгуры районы минæвæрттæ. Билар лæмбынæг фæкаст, фæкаст, сæ алкæйы цур дæр-иу алæууыд, стæй загъта:

– Мæ коймæгтæ, уæхи цы тухæнæй марут, мæнæ уын цæттæ цыртдзæвæн, цы ма уæ хъæуы?

Æмæ сын мæн куыстмæ бацамыдта. Уæд ын къамисы уæнгтæ дæр басастысты, мах дæр, дам, нæ цæст ууыл æрæвæрдтам. Æз уæд фыццаг хатт федтон Билары афтæ хæстæгмæ. Уый ацыд æмæ, уæд уым залы чи баззад, уыдоны бафæндыд уыцы куыст кæй у, уый базонын… Хахуыргæнæджы æцæгдзинад нæ хъуыди, уымæн сæйрагдæр уыдис Билар дыгурон кæй у, Дзбойы-фырт та – Дыгуры районæй. Æз æй зыдтон уыцы æдзæстуарзон нæхи нывгæнджыты Цæдисæй кæй у, уый Æвæццæгæн, бонæй куы сæмбæлæм, уæд мæм йæ къух æрбадаргъ кæны, æхсæв та мыл уыцы къухæй, цы дæн æмæ цы нæ дæн, уыдæттæ фыссы. Иу хатт нæм иумæйаг æмбырд уыдис, æз нал фæлæууыдтæн, сыстадтæн æмæ мæ раныхасы хъæрæй загътон:

– Хахуыргæнæг, мæн дæ руаджы ногæй бауырныдта, æз æцæг скульптор кæй сдæн, уый. Арфæ дын кæнын…

Æмæ æмбырды архайджытæн радзырдтон, кæддæр нын не стыр ахуыргæнæг Максим Бабурин цы ныффæдзæхста, уый. Залы чи бадт, уыдон зæрдиаг худт фæкодтой, æмдзæгъд дæр ма дзы райхъуыст.

## БИБО УАСТЫРДЖИЙЫ СÆРЫЛ КУЫД РАХÆЦЫДИС...

Зындгонд цирчы бæхылбадæг Хъантемыраты Ирбегыл 70 азы куы сæххæст, уæд мæм хуынды гæххæтт æрбарвыста, кæцыдæр рестораны бæрæг кодта йæ юбилей. Фистæгæй араст дæн. Кæсын æмæ уыцы рестораны алыварс талынг, мидæгæй дæр рухсы цъыртт нæ кæлы.

Адæмы къорд дзы ныййæфтон, зонгæтæ мын дзы разынди, зæгъын, ам цы лæуут, мидæмæ цæуылнæ бацæут. Æмæ, дам, нæм æддæмæ ракæсæг нæй.

Æз нал фæлæууыдтæн æмæ дуар бахостон. Иу сылгоймаг дзы йæ сæр радардта, мæ хуынды гæххæтт æм равдыстон, зæгъын, уæ рухсытæ цы кодтой, мидæмæ нæ цæй тыххæй нæ бауадзут. Ницы, дам, кодтой нæ рухсытæ, уæдæ мæ нын загътой нæ республикæйы фыццаг лæгтæ, дам, хъуамæ æрбацæуой æмæ сæ куыд ничи фена, афтæ бакæнут.

Æмæ мах дæр…

Цымæ нын нæ ныхас исчи фехъуыстаид, уыйау дзырдта сусæгæй. Уæуу, мæнæ, зæгъын, цы рæстæджытæ скодта.

Диссæгтæ фæстæдæр уыдис. Хистæрæн фынджы уæлхъус бадт нæ зындгонд лæгтæй иу, абон уæлæуыл нал ис, æмæ дын йæ ном уымæн нæ зæгъын. Дыккаг хистæрæн дзы уыд Дзасохты Алыксандр, æртыккагæн Ирбег йæхæдæг. Йæ хæддæлейы дзæнæты бадинаг Уататы Бибо, дарддæр та – Ходы Камал, Дзантиаты Анатоли, Мæскуыйы цирчы артисттæй цалдæр.

Нæ хистæр Хуыцаумæ скуывта, лæугæйæ фыццаг сидт банызтам, стæй йæ цы хæйрæг сардыдта, уый дын нæ зæгъдзынæн, фæлæ фестад æмæ загъта:

– Мæнæ нæ абон йæ уындæй сбуц кодта нæ фыццаг разамонæг Дзасохты Алыксандр, цæй æмæ уымæн йæ цæрæнбоны тыххæй фæйнæ бануазæм. Æмæ дзы æппæлынтыл схæцыд, афтæмæй уæдмæ цалдæр мæйы йеддæмæ нæма куыста.

Мах кæрæдзимæ бакастыстæм, нæхинымæр ныддис кодтам. Уæлейы мæм фехъуыст Бибо хистæрмæ куыд бадзырдта, уый:

– Æмæ дæ Уастырджи рох фæцис?

Хистæр йæ къух ауигъæгау кодта, ома, аназ, æз цы кæнын, ды дæр уый кæн. Бибо йæм коммæ каст, афтæмæй уыцы æнæ исты сдзургæйæ анызта, æцæг фынгмæ не ’рывнæлдта. Чидæр мæ фæрсы, Дзасохы-фырт, дам, йæхæдæг куыд ницы дзуры. Уый та цыма æппындæр ницы æрцыдис, афтæ йæхи дары, йæ сырх галстук йæ сойæдзаг къухтæй рæстытæ кæны.

Дарддæр сидтытæ цæуынц, уæдæ куыд, цыппæрæм, фæндзæм… Æмæ дын мæнæ Бибо куы срæмудзид:

– Нæ буц хистæр, мах дæ уарзæм, уый ды дæхæдæг зоныс? Зоныс… Уæдæ уæд ды цы хынджылæг кæныс ирон фынгæй? Дзасохы-фырт Уастырджийы цур кæм æмæ цæмæй фæкадджындæр ис? Райсом нын æндæр хицау куы уа, уæд та нын уый дæр Уастырджийы бæсты уыдзæн?.. Алыксандр, ды та йын дæхæдæг цæуылнæ исты загътай?

Уыцы ныв дæхи цæстытæй куы нæ фенай, уæд æй фаг нæ бамбардзынæ. Фынджы уæлхъус чи бадт, уыдонæн сæ фылдæр Бибойы фарс уыдысты, кæд дзургæ ницы скодтой, уæддæр, хистæрмæ æрхатыдысты Уастырджийы сидт, дам, ма æрæджиау уæддæр рауадз…

Мæнмæ гæсгæ, нæ республикæйы уæды сæргълæууæг йæ удыхъæды арæзтмæ гæсгæ мастисæг уыди æмæ, кæд уыцы изæр ницы сдзырдта, уæддæр æй йæ зæрдыл бадардта.

Куы фæзиан Бибо, уæд чырыны цур мæ чъылдыммæ, цалдæр зонгæ лæджы лæууыд, йæ хæлæрттæ, сæ ныхæстæ мæм хъуысыдысты. Иу дзы афтæ зæгъы, мæнæ, дам, дыууиссæдзæм бон куы ахицæн уа, уæд ма-иу сæхимæ кæсæнт, мæрдтæм æй чи батардта, уыдон, тæрхондонмæ сыл бадæтдзыстæм. Сæ нæмттæ дæр сын загътой.

Абон дæр ма сыл дæттынц. Æз дзы æрæджы иуы бафарстон, зæгъын, кæмæдæрты уæд æртхъирæнтæ куы кодтат. Йæ къух ауыгъта, ома, дам, ма йæ ныр фæстæмæ чи райгас кæндзæн, цы ма дзы рауайдзæн…

Бибойæн йæхимæ цы хорз миниуæг уыдис, æргом ныхас кæнын, рæстдзинады сæрыл хæцын, уый сæ иумæ дæр нæ разынд.

## СÆ КОММÆ НÆ БАКАСТÆН

Нывгæнджыты Цæдисмæ мæм фæдзырдтой, мæнæ, дам, дæ коллегæтæй дыууæйæн Мæскуымæ сæ гæххæттытæ æрвитæм, хъуамæ адæмон нывгæнджыты нæмттæ райсой, æмæ ды дæр нæ курдиаты дæ къух æрæвæр. Æз уæд нæ профцæдисты разамонджытæй иу уыдтæн. Зæгъын, равдисут ма, читæ сты. Сæ ныхмæ ницы загътон, фæлæ культурæйы министрады бæрнон кусджытæн мæ хъуыды бамбарын кодтон:



*Уогæ сæ нæ дзиллæ куд нæ зонунцæ – нæ республики берæ рауæнти хæдзæрттæбæл федаргонд æнцæ æ исарæзт мемориалон фæйнæгутæ, æвæрд æнцæ æ исконд циртдзæвæнтæ нæ республики номдзуд адæймæгутæн, Устур Фидибæстон тугъди Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, нæ еци æдзард тугъдонтæн. Еу загъдæй, Дзбойти Михал, куд скульптор, уотæ цидæриддæр исфæлдиста, етæ ’нцæ нæ адæми анзфинсти комкоммæ æвдесæнтæ...»*







– Мæнмæ гæсгæ, адоны разæй уыцы кадджын ном райсын æмбæлы Дзанайты Азанбегæн. Абон уымæй курдиатджындæр нывгæнæг мах æхсæн нæй, æмæ ма зæгъут цæмæн æй хъуамæ бафхæрæм? Хъыг ын нæ уыдзæн? Ацы дыууæ-иу уый цурты куы фæцæйцæуой, уæд хъуамæ æфсæрмы кæной, ау, мах йæ разæй куыд фестæм, зæгъгæ…

Фæлæгъстæ мын кодтой, уый дæр, дам, нæ нæ ферох уыдзæн, абонæй фæстæмæ та уый кой бакæндзыстæм. Æз сын не сразы дæн, кæд мæм фæхæрам сты, уæддæр. Иу цасдæры фæстæ уыцы ном райста Азанбег, стæй та – иннæ дыууæ…

## КЪОСТА МÆ КУЫД ФЕРВÆЗЫН КОДТА...

– Иу фæссихор мæм ме ’рмадзмæ æрбацыд нывгæнджыты Цæдисы хицæуттæй иу æмæ мын афтæ зæгъы, дæлæ, дам, нæм культурæйы министрадæй сдзырдтой, ардæм, дам, рацæут; зындгонд мæскуыйаг лектор нæм ссыд.

Ныццыдыстæм, уæдæ цы уыдаид, фæлæ дзы мæ машинæйæн йæ цуры бынат нал уыд. Цы гæнæн мын уыд æмæ йæ, æвæрын кæм не ’мбæлд, ахæм ранмæ батардтон. Зыдтон æй, милицæйæ йæ исчи бафиппайдзæн, уый æмæ уæд иу гæххæтты гæбазыл афыстон: «Ацы хатт мын бахатыр кæнут». Æмæ йæ раззаг авджы щеткæйыл бафидар кодтон.

Нæ мын бахатыр кодта милицæйы уæды æнæзонгæ кусæг. Лекци дæр ницæййаг рауад, тæвд бон дæр уыд, залы – æнуд, бирæтæ дзы фынæй дæр ма баисты. Кæддæр-уæддæр фæци. Мæ машинæйы цурмæ куы бацыдтæн, уæд кæсын, æмæ дын раззаг авгыл æндæр æнцъылдтæ стырдæр гæххæтты гæбаз ныхæст æмæ дзы уырыссагау фыст дæ номыртæ, дам, сты паддзахадон автоинспекцийы хæдзары ахæм æмæ ахæм кæбинеты капитан Абайы-фыртмæ. Æркастæн разæй, ацыдтæн фæстæрдæм дæр, æцæгæйдæр мæ номыртæ – æппæрст.

Цы гæнæн ма мын уыд: ме ’нæзонгæ æфхæрæджы агурæг ацыдтæн. Гæххæтты гæбазыл мын цы кæбинетæй загъта, уый æхгæд разынд æмæ уæд сыхаг кæбинеттæй цалдæры дуæрттæ бахостон æмæ иу ран дæр нæ разынд. Æрæджиау мын иу æрыгон лæппу мæ катай бамбæрста, рудзынгæй кæртмæ акаст æмæ мын афтæ зæгъы дæлæ, дам, йæ машинæ кæрты лæууы, йæхæдæг дæр æнæмæнг ам искуы уыдзæн, хуыздæр æй рацагур. Æз уæллаг уæладзыгæй райдыдтон æмæ суанг бинаг уæладзыджы дæр се ’ппæт дуæрттыл дæр рахæцыдтæн, фæлæ никуы æмæ ницы...

Æмæ уæд фæкомкоммæ дæн уæрæх гом чи уыд пъадвалы уыцы дуармæ. Мæхинымæр, цы нæ вæййы, кæд уым ис, æмæ мæ сæр уым фæцавтон. Асины фæстаг къæпхæныл мæ къах куы æрæвæрдтон, уæд мæм рæбынæй кæцæйдæр кæйдæр фæдисы хъæр æрбайхъуыст, чидæр дзы æддæмæ дуар тынг хойы. Мæ цыдыл бафтыдтон, кæсын, æмæ уыцы дуарæй æддæмæ фæздæг кæлы. Бахæцыдтæн ыл æмæ – æхгæд. Мидæгæй чи уыд, уымæ мæ уынæр фехъуыст æмæ лæгъстæгæнæгау дзуры:

– Дуар мыл чидæр сæхгæдта... Исты хуызы йæ бакæн, кæннод ам фæздæг улæфынæй мæ бон нал у, хуыдуг кæндзынæн...

Æз айтæ-уйтæ нал фæкодтон, фæлæ мæ машинæмæ разгъордтон, фæрæтмæ фæлæбурдтон. Иу дзырдæй, дуар басастон, фæздæджы уацары чи бахауд, уый дын капитаны цины куы разынид. Мæ зæрдæ цæуылдæр фæкъæпп кодта æмæ, зæгъын, ды абон кæйдæр машинæйы номыртæ чи раппæрста, мыййаг, уыцы Абайы-фырт нæ дæ. Уый, дам, дæн. Æз та, зæгъын, уыцы машинæйы хицау дæн. Æмæ уæд цыма рагацау ныхасгонд уыдыстæм, уыйау æмхудт ныккодтам.

Ныр уый нал кусы, фæлæ мыл куы амбæлы, уæд мæм дардæй худгæ æрбацæуы. Нæ дыууæ дæр æхсызгонæй æрымысæм æз, æфхæрд лæг, мæ бафхæрæджы куыд фервæзын кодтон, уыцы бон...

– Иу ма ахæм æнахуыр фембæлд ма мын уыдис милицæйы кусджытимæ?.. Дæлæ Черкескы горæты астæу æвæрд ис не ’мзæххон Дзантиаты Инал кæй скодта, Къостайы уыцы цыртдзæвæн. Мах æм мæ хæлар архитектор Гуыбаты Зауыримæ кæцыдæр аз уынæг ацыдыстæм мæхи машинæйæ. Мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы уыд, афтæмæй фæндагыл цæуыны æгъдау фехæлдтон, баурæдтой мæ.

Посты мæ сæ хицау, иу бæрзонд лæппулæгмæ бакодтой æмæ мæ миднымæр мæхицæн загътон, ныртæккæ мæ, зæгъын, уайдзæфты бын фæкæндзæн. Фæлæ уый куы базыдта кæцæй дæн, мæ цыды сæр ардæм цæй тыххæй у, уый, уæд йæ цæсгом фæрухс æмæ загъта:

– Æмæ уæ Къоста мæ уарзон поэт куы у!.. Цæй æмæ афтæ бакæнæм: кæд ын йе ’мдзæвгæтæй зæрдывæрдæй мæнæй фылдæр радзурай, уæд дæ æнæфхæрдæй ауадздзынæн, кæд нæ, уæд дæхæдæг зоныс, нæ бон цас у, уый... Разы дæ?

Уый цыппар æмдзæвгæйы радзырдта, æз фондз. Рауагъта нæ, немæ нын суанг сахары кæронмæ йæ хæдивæджы дæр ма рарвыста, мачи, дам, уал сæ бауромæд. Къостайы хорздзинæдтæ цымæ кæд бафиддзыстæм?..

## АЗЫМДЖЫНЫ ТÆРИГЪÆД ЙÆХИУЫЛ ÆРЦÆУЫ...

– Кæцыдæр аз аивæдты Хæдзары иу нывгæнæг йæ равдысты фæстæ фынг æрæвæрдта. Хистæрæн дзы бадт Хуссар Ирыстоны уæды президент Цыбырты Людвиг, сæрмагондæй æрбацыд, уымæн æмæ нывгæнæг дæр уырдыгон уыд.

– Хистæр кувын куы райдыдта, – дзырдта мын уый фæстæ Михал, – уæд кæсын æмæ стъолы дæллаг кæрон иу арæзт бæрзонд лæг бады, сырх галстук ыл. Иууылдæр сыстадысты, уый та бады æмæ хæры. Фæхъыг мын ис æмæ дарддæр та цы архайæг уыдзæн, зæгъгæ йæ хъахъхъæнын. Сидтытæ цæуынц, уый сидæгмæ нæ хъусы, йæ ныхасæй не ’нцайы, хæлофæй нуазы, хæры... Æрдæгбадт уыдыстæм, афтæ дын уыцы бæрзонд лæг сыстад, иуы дæр нæ бафарста æмæ йæ дæндæгтæ къахгæ дæлæ араст рацæуæнмæ. Æз æй дуары цур баййæфтон, алывыдтæ йын акалдтон, ирон æгъдау афтæ куы нæ нымайай, уæд дын а зæххыл цæргæ дæр нæу, зæгъгæ, уайдзæф дæр ма йын мæ фырмæстæй ракодтон...

Ууыл иу-æртæ мæйы рацыд, чи зоны, чысыл фылдæр æмæ мæм иу бон ме ’рмадзмæ цалдæр лæджы æрбацыд, цыртмæ, дам, ма нын мæнæ ацы къам скæн. Æз æм æркастæн æмæ мæнæ диссаг: Аивæдты хæдзары йе ’нæгъдаудзинады тыххæй алывыдтæ кæмæн фæдзырдтон, уый дзы базыдтон...

## ФÆТКЪУЫТЫ ЧЫРГЪÆД ТЕДЕТЫ ХЪÆУÆЙ

Ацы рæнхъытæ куы фыстон, уыцы бонтæй мæм иуы Мишæ телефонæй æрдзырдта æмæ йæ уæздан хъæлæсæй загъта:

– Мæнæ иу цыртæн иронау цалдæр хъуыдыйады ныффыстон, æрбауай-ма æмæ сæ иумæ бакæсæм.

Æз ын дыккаг бон иуæндæс сахатыл йе ’рмадзы дуар бахостон, баййæфтон ма дзы нæ иумæйаг хæлар, зындгонд дохтыр æмæ курдиатджын композитор Тедеты Шаликъойы. Цы ног цыртдзæвæныл кусы, уый тыххæй нын мæнæ афтæ радзырдта Мишæ:

– Ардæм мæм фæззæджы астæу Тедетæй дыууæ лæппуйы æрбацыд æмæ мæ семæ аластой уартæ Хуссар Ирыстонмæ. Уым ис иу гыццыл хъæу, цæрынц дзы æрмæстдæр мæнæ Шаликъойы æрвадæлтæ, хонгæ дæр æй афтæ кæнынц – Тедеты хъæу. Сæ курдиат та ахæм уыд: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты нæ хотæ æмæ не ’фсымæртæй чи архайдта, уыдонæн нын аккаг цыртдзæвæн скæн…

Уырдæм цæугæйæ уымы фæндæгтæ куы федтон, уæд мæхинымæр скарстон, зæгъын, уæллæй, сыгъзæринтæ мын куы дæттой, уæддæр ницы хуызы сразы уыдзынæн. Куы йæ скæнон, уæд æй ласгæ та куыд æрбакæндзынæн? Ацы къуыппытæ æмæ дзыхъхъытæ фæндагыл фæллой ныппырх уыдзæн.

Фæлæ хъæумæ куы бацыдтæн æмæ куы федтон ме ’рбацыдмæ куыд тынг æнхъæлмæ кастысты, хæстæй сæ чи нал ссыд, уыдоны куыд тынг мысынц, сæ рухс ном сын куыд арынц, уый, уæд мæ карз фæнд аивтон. Стæй уыцы гыццыл хъæу ахæм рæсугъд у, ахæм дзæнæтон бынаты æрæнцад æмæ диссаг! Хæхты хъæбысы. Мæ алыварс фылдæр фæткъуы æмæ кæрдо бæлæстæ уыди æмæ мæм диссаг фæкаст иу хъуыддаг: зыбыты иунæг бæласыл дæр дзы зыбыты иунæг сыфтæр дæр нал баззад, нæ къæхты бын сæ сыр-сыр цыди, цыма нын сусæг ныхас кодтой, уыйау. Дыргътæ та бæгънæг къалиутыл ауыгъдæй лæууыдысты, алырдæмты æрттывдтытæ калдтой. Мемæ мын дзы иу чыргъæды дзаг сæвæрдтой, цыма йæ зонгæ кодтой балцы куы вæййын, уæд мæ дзæбæх сыхæгтæм афтидæй кæй никуы раздæхын, уый.

Нæ сын сразы дæн.

* * *

*Ацы æрмæджытæ ратгæйæ нæм, Дауыраты Дамир ма загъта:*

*– Мæ цæстытыл уайы йæ хæлæрттæ Мишæйæн йæ юбилейы фæдыл цас арфæтæ фæкæндзысты, уый. Мæн дæр æм æнæмæнг ссæуын хъæуы, мæ иузæрдион æмгар хорз зоны, мæ куывдтытæ цæуаг кæй сты, уый. Æмæ йын зæрдиагæй рарфæ кæндзынæн йæ гуырæн боны рæсугъддзинады фæдыл, не Сфæлдисæгæй йын ракурдзынæн, цæмæй æнæниз æмæ уæнгрогæй цæра, йæ хæдзар фæрнæйдзаг уа, йæ бинонты амондæй зæрдæрухс уа, бирæ цыдæртæ ма йын бантысы нæхи ирон аивады...*



Дзбойты Арсен «Композици».



Уымæй æхсызгондæр ма ныййарæгæн цы ис, йæ кæстæр йæ зæрдæйы фæндиаг куы фæуа!.. Дзбойты Михалы фырт Арсен равзæрста йæ фыды дæсныйад æмæ йын бирæ æнтысы – у Уæрæсейы нывгæнджыты Цæдисы уæнг, йæ скульптурон куыстытæн цæуы стыр аргъгонд.

*Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), итайлаг поэт: «Дуйне исæфуй, æма ма мин байзадæй айдагъдæр еунæг зæрдæдарæн? Фæстæдæр ку райгурдайнæ, уæд никки фулдæр гъезæмæрттæ бавзурстайанæ...» Еу загъдæй, дуйнейæн ци исконд æрæййафтай, убæл исарази уо æма æ фæххуæздæр унбæл архайæ...*


Бяшим КУРРУКОВ (галеуæрдигæй) æма ХÆМИЦАТИ Морис.

# МÆ ФИДИ ТУРКМЕНАГ ÆНСУВÆР

ЦÆСТИНГАС



ХЕКЪИЛАТИ Маринæ,
журналист

*Адæймаг циуавæрдæр зæрдæмæдзæугæ гъуддагмæ рæстуодæй ку хицæ кæна, уæд, мæнмæ гæсгæ, хуарз æй – уомæн æма е дæр архайдзæнæй æ бафæнзунбæл, кенæ ба æндæр ести арфиагдзийнадæ исаразунбæл дæр. Гъе уотæ æз дæр ахид æрхицæ кæнун берæ цæмæдæрти. Уæлдайдæр ба мæ фидæ, Хæмицати Морис, советон цардарæзти хабæрттæ имисун ку байдайуй, цæйбæрцæбæл дессагдзийнадтæ си адтæй, уæлдайдæр ба си аллихузон адæмихæттити 'хсæн æмзунд æма æмунаффæ æмдзарди æгъдау цæйбæрцæбæл тухгин адтæй, уой имисун ку байдайуй, уæд... Уой фæдбæл радзоруйнаг дæн еу хабар.*

### ЦИТГИНÆЙ МÆ РАФÆНДАРАСТ КОДТОНЦÆ СОВЕТОН ÆФСАДИ РÆНГЪИТÆМÆ...

Айразмæ мæмæ мæ фидæ бавдиста, Советон Æфсади рæнгъити ку адтæй, уæд æ уæдиккон æмслужбæгæнæги хæццæ ци къарæ исиста, уой.

Аци лæхъуæн ба ка 'й, зæгъæ 'й, ку рафарстон, уæд мин уæлдай æхцæуæнхузæй загъта:

– Мæ туркменаг æнсувæр…

– Кутемæйти æнсувæр?.. Ду – дигорон, е – туркменаг…

– Ме 'нсувæр, мæ кизгæ, ме 'нсувæр!.. Е сумахмæ, нури кæстæртæмæ, æнахур кæсуй, фал адтæй уæхæн рæстæгутæ, æма, еу тогæй нæ уогæй, æнсувæрдзийнадæ ку разæгъиуонцæ, еци фæткæ аллихузон адæмихæттитæмæ хъæбæр цитгийнагбæл нимад адтæй. Уæлдай хъæбæрдæр ба ми е баруагæс æй, Советон Æфсади ку адтæн, уæд.

Уæди рæстæги æфсæддон ихæс банхæст кæнун нæ фæсевæдмæ хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй. Уæхæн равгæ – кенæ е 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ, кенæ ба æндæр лæдæрд уавæртæмæ гæсгæ кæмæн нæ уидæ, етæ ба уомæй сæхе, зæгъун æнгъезуй, æфхуæрди бунати æнгъæлиуонцæ. Еузагъдæй, алкедæр ни уæд е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунмæ цудæй разæнгардæй æма æхцæуæнæй, еци гъуддагæй фæттиллеф кæнун си æ зæрди арфдæр къуми некæмæн уидæ. Уогæ уæхæнттæ дæр разиннидæ, æма исериуонцæ аллихузон рæуæнттæ, цæмæй сæ æфсадмæ ма рарветонцæ. Фал етæ бустæги ефстæгтæ адтæнцæ æма бæрæг нæ дариуонцæ...

Мæхе туххæй ку зæгъон, уæд мæн карнæ ба уотæ рауадæй, æма Цæгат Иристони паддзахадон университети филологон факультет каст ку фæдтæн, уæд нæмæ нæ къурси разамонæг æрбахаста, нæ республики скъолатæй мах дæснидæбæл ахургæнгутæ кæми гъудæй, уони номхигъд. Æз равзурстон цæмæдæр гæсгæ Хæтæлдон. Ка 'й зонуй, Дзæуæгигъæумæ еугуремæй хæстæгдæр ке адтæй, æви мæмæ æ ном цидæр æнахур фæккастæй... Магъа, фал еци гъæуи рарвистон мæ ахургæнæги кусти фиццаг рæстæг.

Æртæ мæйей дæргъи хæтæлдойнаг биццеутæ æма кизгутти ахур кодтон уруссаг æвзаг æма литератури сосæгдзийнæдтæбæл. Уæдта дин мæмæ æфсæддон комиссариатæй гæгъæди ку 'рбацæуидæ – исæнхæст кæнæ, хуарз лæг, дæ граждайнаг ихæс, еузагъдæй, байагурдтонцæ мæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ.

Нæхецæй, Толдзгунæй, мæ рафæндараст кодтонцæ мæ мадæ æма мæ фидæ, косарт ракодтонцæ, синх, гъæубæстæ 'рхудтонцæ, арфитæ, кувдтитæ, зæрдибунæй дзубандитæ... Уæди рæстæг нæдæр исуйнаг æфсæддонтæ, нæдæр сæ нийергутæ нæ зийнадæ кодтонцæ служби догæмæ – федар паддзахадæн е 'фсади дæр федар æгъдау æма фæткитæ адтæй, фæстаг рæстæгути нæ фидибæстон æфсади ци æверхъау, зæрдæзмæлæн миутæ цудæй æма ма си нерæнгæ дæр, гъулæггагæн, рауайуй, уæхæнттæн си сæ кой дæр нæ адтæй...

Ку нæхстæр кодтон, уæд мæ, куд иннетæ, уотæ мæ фиди æнсувæр Къансау дæр æ хъури никкодта. Цидæр æнахур мæтъæл адтæй æ цæсгон, æ цæститæ ба дони разилдта... Цума 'й лæдæргæ кодта, кæрæдзей фæстаг хатт уинæн, уой... Мæ служби кæронмæ хъæрттæй, утемæй мæмæ ниффинстонцæ нæхецæй – мæ фиди æнсувæр фæндаггон уæззау фидбилизи бахаудтæй, нæбал фæййервазтæй. Не 'фсæддон хайии ка служби кодта, еци биццеутæ – дигорæнттæ, ирæнттæ, саунгæ ма нæ дзæбæх туркменаг æмбал дæр сæ хæццæ, утемæй мæмæ 'рбацудæнцæ æма мин тæфирфæс кодтонцæ...

Служби æнгæ мин рауадæй Сомехи, Арарати хонхмæ хæстæг. Гъæуай кодтан ССР Цæдеси хонсайраг арæнтæ уæлдæфон æрбампурстæй. Адтæй нæмæ хуæдтæхгутæ кунæггæнæн ракъетитæ. Хъæбæр бæрнон адтæй нæ куст. Ести минкъий рæдуд æруагътай, зæгъгæ, уæд устур бæлах æрцудайдæ. Гъуди ма 'й кæнун, мæ размæ си æрцудæй уæхæн цау.

Еу æригон æфсæддон приборти фæйнæгбæл агори æрæвардта, цæмæн æй багъудæй, магъа. Æма еци агори æрхаудтæй, цидæр цирагъ расаста, æндегæй, акъоппи ракъетæ искуста, истахтæй æ астъонæй æма сахари 'рдæмæ ку ниццӓвидæ... Хуарз æма командæгæнæн пункти исарæхстæнцæ, радиой сигнали фæрци æй уæлдæфи фехалдтонцæ, æндæра берæ фидбилизтæ исаразтайдæ...

### АХСГИАГБÆЛ НИМАДТАН КÆРÆДЗЕЙ ХÆЦЦÆ ХÆЛАРÆЙ ЦÆРУН...

Мах, алли рауæнтæй æрцæуæг лæхъуæнтæ, аллихузон адæмихæттити минæвæрттæ не 'фсæддон ихæстæ æнхæст кодтан куд æнгъизтæй, зæгъгæ, ку зæгъон, уæд е фагæ нæ уодзæнæй. Уомæн æма æфсæддон хабæрттæй уæлдай мæ мах нæхецæн ахсгиагбæл нимадтан кæрæдзей нимайун, хæларæй цæрун æма хуарзæй фæнзун.

*Аци рауæн мæ фидæ фæуууорæдта æ дзубанди, еуцæйбæрцæдæр цæбæлдæр ниссагъæси 'й, уæдта, уæззау нийнæфгæй, загъта:*

– Уогæ нæ рæстуодæй федауцæ æфсæддон бийнонти 'хсæн хъамилæнгæстæ дæр разиндтæй. Абони дæр ма мæ зæрдæ исресуй, еу уæхæн фиргъæун ци фудракæндæ исаразта, уой ку раймисун, уæд.

Цæветтонгæ, нæ бæрнæхсти ци ракъетитæ адтæнцæ, етæ лæудтæнцæ устур бетонгонд акъоппити. Еухатт, мæнæ фиргъæунтæ ке исхудтон, еу уæхæнттæ си нийййахæстонцæ даргъ уорс хелагæ, бензин ибæл никкалдтонцæ, уæдта ибæл сæ еу содзгæ спичкæ ниггæлста. Абони дæр ма уайуй мæ цæститæбæл, е куд тæбар-тубур кодта, куд архайдта ескумæ раледзунбæл, содзгæ æхсердарф куд фестадæй. Нæ зæрдитæ бæргæ ристæнцæ уомæ кæсгæй, фал ин нæ бон нецæмæй адтæй фæййагъаз кæнун – æгæр æрæгиау рауидтан еци фудмиуи исарæзт. Хелагæбæл ка бандзарста, е ходæгæй бакъуæцæл æй, махæй ба хъип-сун неке кодта, лæдæрдтан, цæйбæрцæбæл устур тæрегъæддаг гъуддаг бакодта, уой... Уæдæй фæстæмæ нин еци фудлæг фенадæ 'й, æхемæ ни æй неке уагъта хæстæг... Æдзæсгондзийнадæ нин еминæ æвдиста...

Раст зæгъгæй, уæхæнттæ нæмæ хъæбæр ефстæгтæ бахауиуонцæ, æма си уæддæр еуцæйбæрцæдæр æфсармæ кæмæ уидæ, етæ сæхе, куд фæззæгъунцæ, æрлæдæриуонцæ, фæррæстмæ уиуонцæ. Æма син æнæгæнæн дæр нæ уидæ – æфсæддон бийнонти цардиуаги фæткитæ уотæ амудтонцæ æма си гъæуама цæрай рæстзæрдæй, хуæрзæгъдауæй, кæрæдземæн аргъ кæнгæй. Уомæй нæ ихæсгин кодта нæ уодиконд, не 'фсæддон цардиуагæ.

Мæнæ дин ци æведауцæ цауи кой ракодтон, уой ба уомæ гæсгæ æримистон, æма еци æнауæрдон лæхъуæни хузæн æндзаргутæ нæмæ, куд фæстæдæр, уотæ æгæр берæ кæнун байдæдтонцæ æма син, адтæй нæ адтæй, уæддæр бантæстæй нæ царди райдзастдзийнадæбæл бандзарун æма нæ уоййасæбæл цардгъон Цæдес ниффæруакæ 'й... Еци арт ба абони дæр ма – уæд еу рауæн, уæд иннæ рауæн – æнамондхæссæгæй исцæфсуй кæддæр лимæндзийнадæхæссæг адæмти 'хсæн... Уомæй зиндæр ма ци уа…

Ку зæгъун, не 'фсæддон ихæс æнхæст кодтан еумæ цалдæр адæмихаттей минæвæрттæ.

Æнæ ести хæлхъой дæр кæми нæ уидæ – биццеутæ биццеутæ 'нцæ – фал кæрæдземæ æнауæрдонæй бавналун, нæмун, кенæ æндæр ести хузи бафхуæрунæн ба си æ кой дæр нæ адтæй, уой ни æхецæн неке аккаг кодта. Уой хæццæ ба ма уæхæн миутæ ракæнунæй тæрсгæ дæр куд нæ кодтайанæ – уæдиккон æфсади хъæбæр карзæй кастæнцæ уæхæн хабæрттæмæ.

Уогæ еци тасдзийнадæ нæ гъудий уоййасæбæл нæ адтæй. Сæйрагдæр е адтæй, æма æцæгæй зæрдтагон адтан кæрæдземæн нæ уодигъæдæй. Уомæ гæсгæ ба мах, нæ Цæдеси еугур рауæнтæй уоми ка бамбурд æй – уруссæгтæ, украинæгтæ, гурдзиæгтæ, белорустæ, таджиктæ æма æндæр адæмихæттити минæвæрттæ – æнсувæрти цард кодтан. Æз гъе уæд фæллимæн дæр туркменаг лæхъуæни хæццæ, æ ном Бяшим, муггагæй ба Курруков. Е дæр мæн фиди хузæн службæ кодта айдагъдæр еу анз. Уæлдæр ахурадæ имæ ке адтæй, уомæ гæсгæ Бяшими бийнонтæ цардæнцæ Туркмений ССР-и сахар Марымæ хæстæг, бæмпæги куст ка кодта, уæхæн совхози. Æ хеуæнттæ ин ахид æрбарветиуонцæ æхца, гъæуагæ 'й нæ уагътонцæ. Æфсæддон хуæрæндони цанæбæрæг дессаг хуæруйнæгтæ адтайдæ, адæймаг си зæрдцъæх рауидæ. Æма мæ изæрæй ба Бяшим буфетмæ бахонидæ, балхæнидæ адгийнæгтæ, ести дзæбæх хъæбунтæ, дæнттæ. Уæгъдæ рæстæг нин ку уидæ, уæдта уолæфæн уати шахмæттæй гъæзианæ, кæрæдземæн нæ хабæрттæ кодтан – æз нæ ирон-дигорон адæми ейæ ба туркменæгти цардиуагæ, æгъдæутти туххæй. Еухатт ба мин Бяшим уотæ зæгъуй:

– Морис, мæнæ не 'служби фæууодзæнæй, алке ни æхе бæстæмæ рандæ уодзæнæй, æма ин ка ци зонуй, кæрæдзей ма кæд фæууиндзинан. Гъæйдæ, нæ адрестæ нур раттæн кæрæдземæн æма, ци нæ фæууй, ескæд бабæй исæмбæлдзинан… Æз дууæ нæбал загътон, равардтон ин мæ адрес Иристони, е ба мæнæн Туркмений. Абони хузæн гъуди кæнун Бяшими адрес: Туркменти ССР, Марыйи область, Тельмани номбæл бæмпæгикустгæнæг совхоз.

Иристони фольклор æма мифологий, нæ маддæлон æвзаги фарстати фæдбæл берæ куститæ ниффинсæг, номдзуд ахургонд Всеволод Миллери райгурдбæл 7 апърели исæнхæст æй финддæс æма астинсæй анзи (1848-1913).

*Будда, недзамайнаг дин «буддизм»-и бундорæвæрæг: «Адæймаги хуарздзийнадæбæл исахур кæнун дæ бон ку уа, уотемæй ба 'й ку нæ ахур кæнай, уæд исафис де 'нсувæри. Адæймаг дин дæ зундамунди дзурдтæмæ ку нæ игъоса, фал ма ин уæддæр ку дзорай, уæдта исафис дæ дзурдтæ...»*



Фæцæй не служби рæстæг, хъæбæр гъенцъунгæнгæй рахецæн ан Бяшими хæццæ, фал ци гæнæн адтæй! Алке ни рандæй æ бунатмæ. Æз иссудтæн нæхемæ, еуцæйбæрцæдæр рæстæг неци кустон, мæ фидæ, мæ мадæн хæдзари агъаз кодтон. Уæд дин мæмæ еу бон мæ фидæ Зелимхан цуппар тумани ку раттидæ æма мæ Дигорамæ ку рарветидæ, нæ уæрдундони сæр æййевун гъæуй æма уомæн шифертæ исласæ, зæгъгæ.

Æз дæр фæннæхстæр дæн Дигорамæ, раздæр æй Киристонгъæу худтонцæ. Фал уордæмæ нихъхъæртгæй, автобусæй нæ рахизтæн, фал рандæ дæн Дзæуæгигъæумæ – уоми мæ цидæр гъуддæгутæ адтæй, æма, зæгъун, уони бал ракæнон, уæдта фæстæмæ раздæхгæй ба Киристонгъæуи шифер дæр исамал кæндзæнæн. Фал мæ еци фæндитæй неци рауадæй…

## ÆМА КИРИСТОНГЪÆУИ БÆСТИ РАВЗУРСТÆН ИДАРД АШХАБАДИ...

Сахари сæйраг проспектбæл цæугæй исæмбалдтæн мæ рагон зонгитæбæл, берæ цидæртæ æримистан. Не 'мбæлттæй кедæрти раймистан, æма гъе уæд мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй Бяшим, æ кæддæри загъд, гъома, кæд ма исæмбæлдзинан, зæгъгæ…

Нæ зонун, ци мæ фæрразæнгард кодта, фал уайтæккæ фесхустон автовокзалмæ. Минводмæ билет райстон, æ аргъ адтæй дууæ соми æма æрдæгмæ хæстæг. Нихъхъæрттæн уордæмæ изæрæрдæмæ.

Минводти аэропорти рафарстон, Ашхабадмæ хуæдтæхæг кæд уодзæнæй, уæдта билет цæй аргъ æй, зæгъгæ. Мæхемæ ба нæдæр паспорт, нæдæр æндæр документ. Уæдта сæ агоргæ дæр неке кодта, алцидæр адтæй дзæбæх, фæндон. Ашхабадмæ хуæдтæхæг тахтæй æхсæви дууадæс сахаттебæл, устур ИЛ-18.

Дузæрдуг дæр ракæнинæ, раст кæнун æви нæ, зæгъгæ, фал… уæддæр балхæдтон билет 8 сомей аргъæй.

Куддæр æмбесæхсæвæ ралæудтæй, уотæ устур хуæдтæхæг æхе арви бæрзондмæ исиста, разилдæй æма æ них исаразта идард Туркменимæ. Цалдæр сахаттей фæсте ба Ашхабади аэропорти æхе æруагъта. Цæстифæнникъулдмæ, зæгъæн ес, Астæуккаг Азий равзурдтæн!

Цубурдзурдæй, мæнæ аргъæутти горцъе-хуæдтæхæг адæми, кæми сæ гъудæй, уоми куд балæуун кæнидæ, мæн гъуддаг дæр уотæ рауадæй. Хатгай мæмæ мæ миутæ, мæ хабæрттæ дессаги фуни хузæн дæр фæккæсиуонцæ. Фал, куд фæззæгъунцæ, дони банадтæ, уæд накæ кæнæ!.. Аэропорти райдзаст хæдзари даргъ къелабæл мæхе æруагътон, мæ къурткæ мæ сæри буни бази бæсти бакодтон æма рафунæй дæн…

Райгъал дæн, сæумон хор арвбæл дзæвгарæ ку исуадæй, уæд. Æндеггæй къранти бунмæ мæ цæсгонбæл уазал донæй исцъæппитæ кодтон, зали къуми еуминкъий буфети цидæр æнахур хъæбун райстон, æ адæ дæр ин нæ равзурстон, цай еуминкъий агувзи – уобæл мæ сехуар фæцæй. Уæдта бацудтæн пости хайадæмæ æма телеграммæ рарвистон Бяшиммæ: «Ашхабади дæн, аэропорти æма дæмæ ами æнгъæлмæ кæсун. Морис». Уæдта æндæмæ рацудтæн æма алфамбулай дуйнебæл фæлгæсун райдæдтон. Арвбæл мегъи пъæсту нæ, хор æнæвгъауæй æрвиста æ содзгæ тунтæ зæнхæмæ, фал, дессагæн, уоййасæбæл хъæбæр тæвдæ ба мæмæ нæ фæккастæй. Идарди бæрæг дардтонцæ Копет-Даги рагон хуæнхтæ.

## АДТÆЙ НÆ АДТÆЙ, УÆДДÆР ÆНÆ ИСÆМБÆЛГÆ НÆ ФÆЦАН...

Уæддæр мæ фулдæр каст ба адтæй аэродроми будурмæ.Рæстæгæй-рæстæгмæ æрбадиуонцæ, бунæттон рейстæ ка æнхæст кодта, уæхæн минкъий хуæдтæхгутæ. Æз уæлдай æдзинæгдæрæй ме 'нгæс дардтон Мары сахарæй ка уидæ, еци хуæдтæхæгмæ, кæд си, миййаг, Бяшим æрхезидæ, зæгъгæ. Фал нæ разиндтæй. Уæддæр æнæмæтæ адтæн, берæ нæ бадзебæл уодзæнæй, кæд телеграммæ райста, уæд.

Бон райевгъудæй, дуккаг бон, æртиккаг, лæг зиннæг нæййес. Мæ катаййи бацудтæн, æхца дæр мæмæ нæбал адтæй, сауæнгæ цаййи агувзи аргъ дæр. Фунæй ма куддæрти-муддæрти кодтон аэропорти бæлццæнтти зали бадæнбæл. Цуппæрæймаг бон дæр рæфтæмæ ку неке разиндтæй, уæд еу уруссаг лæхъуæнмæ бацудтæн, афицери дарæси – бæрæг адтæй, кæмæдæр æнгъæлмæ кастæй. Мæ уавæри хабæрттæ ин ракодтон, æма, куд кæнон, уой нæ зонун, зæгъгæ. Фегъуста мæмæ, уæдта æнæдзоргæй æ дзиппæмæ нивналдта, финддæс сомиси исиста æма мæмæ сæ æрбалæвардта. Мæ фурдесæй ма ци исдзурдтайнæ, уой нæ зудтон, уæдта имæ дзорун, дæ адрес мин зæгъæ, уайтæкки дин сæ рарветдзæнæн нæхецæй, зæгъгæ. Лæхъуæн æ сæр батилдта, нæ гъæуй, зæгъгæ, уæдмæ хуæдтæхæгæй еу хуæрзконд силгоймаг æрхизтæй, æвæдзи, æ бийнойнаг æма уой хæццæ рандæнцæ.



Советон доги Туркмений адæм хъæбæр æновуд адтæнцæ советон æфсæддонтæбæл.

Еуминкъий мæхебæл фæххуæстæн, фал уæддæр сагъæс кодтон, фæстæмæ мæ нæхемæ æздæхун ку гъæуй, фæндаггагæн ци 'ргъуди кæнон, зæгъгæ. Фæндзæймаг бон сæумæй райистадтæн мæ хуссæн къелайæй æма исфæндæ кодтон, ескæми рæстæгмæ куст байагорун – нади харзи фагæ фæммадзал кæнунæн.

Рахизтæн залæй æндæмæ, кæсун æма мæбæл мæ цæститæ ратартæ 'нцæ – уартæ дин мæн æрдæмæ еу устур сумки хæццæ гъуддагхузæй æрбауайуй… Бяшим! Æрбахъæрттæй мæ размæ, æз ба цавддорау лæуун… Ку мæ рауидта, уæд сæхълæуд фæккодта, кæсуй мæмæ æма неци дзоруй, æ цæститæ ниуустур æнцæ. Æрæгиау ба уотæ:

– Морис ду дæ?

– Æз дæн, дзæбæх биццеу, æз, – дзорун имæ сабур гъæлæсæй. – Уотæ нæ дзурдтай, иуазæгуати мæмæ 'рцæудзæнæ, зæгъгæ? Уæд Бяшим æ сумкæ фæггæлста æма мин зæрдиагæй нихъхъури кодта…

Æрбадтан еу минкъий бассейни рази даргъ къелабæл бæлæсти ауони. Мæ хабæрттæ ин кæрæй-кæронмæ ракодтон. Хъип-сун дæр не 'скодта, уотæ æдзинæг мæмæ игъуста. Æрæгиау ба дин уотæ:

– Æз дæу бæрæгæн æгириддæр неци зудтон, ардæмæ мæхе гъуддæгути фæдбæл исуадтæн. Телеграммæ нæ райстон, неке мин неци загъта… Фал, Хуцау хуарз, æма дæбæл исæмбалдтæн!..

Бяшим уайтæккæ такси райста æма цубур рæстæгмæ Ашхабади устурдæр иуазæгуæттæй еуемæ бахъæрттан. Ци уат мин райста, уоми мæхемæ базилдтæн, мæ кеми 'рцудтæн еуминкъий. Уæдта мæ ресторанмæ ниххудта, дзæбæх фæббадтан, фæдздзубандитæ кодтан, æримистан не служби хабæрттæ, не 'фсæддон æмбæлтти – узбекаг Пулат Шарофутдинови, хъазахаг Саатбек Ишенкулови, украинаг Алексей Коломийчуки, уруссаг Гена Фролови, иннæ биццеути, нæ полкки хецау болкъон Астафьеви, мах æй Батя худтан…

Ку æризæр æй, уæдта мæ Бяшим фæххудта Ашхабади сæйраг фæлладуадзæн паркмæ, адтæй си аллихузон аттракционтæ, берæ фæсевæд. Адтæнцæ игъæлдзæг, цæрдхуз, бакастгин.

Нæ фусунуатмæ фæстæмæ ку бацудан, уæдта мин Бяшим уотæ:

– Морис, исон цæуæн махмæ, Марымæ, уадзæ, æма дæ мæхеуонтæ дæр базонцæ, æхцæуæн син уодзæнæй…

– Нæ, Бяшим, уомæн гæнæн нæййес, æндæр хатт уæмæ фæццæудзæнæн. Айфонмæ, мæ мадæ æма мæ фидæ сæ сагъæсæй кудтитæ кæнунцæ, е мæ цæститæбæл уайуй. Хатирæй уæд, фал мин æнæ цæуæн нæййес…

Нецибал загъта мæ туркменаг æнсувæр, балæдæрдтæй мæ. Дуккаг бон мин хуæдтæхæгмæ билет райста Минводти уæнгæ, мæ хæццæ дæр ма мин нади хæрзтæн æхца равардта, æма сæумæ дæс сахаттебæл ратахтан Цæгат Кавказмæ. Изæри æхсæз сахаттебæл ба Толдзгуни гъæугæрон æрхизтæн нæ синхаг гъæуккаг лæги рæуæг хуæдтолгæй – е мæбæл Минводти аэропорти фембалдæй æма мæ исхъæртун кодта нæхемæ.

## ГЪÆУБÆСТÆ ДÆР ÆМА БИЙНОНТИ ДÆР КАТАЙЙИ БАФТУДТОН...

Ка мæбæл рамбæлидæ нæ гъæуæй, етæ «нæхе амæттаг уо», зæгъгæ, мæбæл ниццийнæ уиуонцæ, æвæдзи, фæххабар æй, Морис цалдæр бони некæцæй зиннуй, зæгъгæ. Хуарзау нæбал адтæн, раст зæгъгæй.

Нæхемæ ку бахъæрттæн, уæд ма горени сæрти тургъæмæ бакастæн. Мæ мадæ Катя æма мæ фидæ Зелимхан, нæбал нин æнцæ, рохс дзенети уæд сæ бунат, уоми уæрдундони къуми мæтъæлæй бадтæнцæ. Бахизтæн медæмæ. Мадæ мæ ку рауидта, уæд искудтæй, æ хъури мæ никкодта. Фидæ ба мæмæ æдзинæг никкастæй æма мæ бафарста, кæми адтæ, зæгъгæ.

– Ашхабади, мæ лимæн Бяшими, зæгъун, рабæрæг кæнон… Дзæбæх æнцæ… Мæнæ син сæ газет дæр исластон, – æма имæ æвдесун «Туркменская искра», зæгъгæ, уæхæн газет.

Нецибал исдзурдта фидæ, арф нийнæфтæй æма хæдзарæмæ бацудæй…

Мæ фидæ мин æхуæдæг кæд неци загъта, уæддæр æй лæдæрдтæн, куд хъæбæр мæмæ исмæстгун адтайдæ, уой… Фæстæдæр куд базудтон, уотемæй, æвæдзи, æ тингунæй ку фæффæлмастдæр æй, уæд нæ мадæн ба загъта: «Сæргъæн миутæ ке ракодта, уомæй раст нæй, иннемæй ба арази дæн, æгайтима æрдхуардбæл уоййасæбæл еузæрдиуон æй, нимади имæ 'й…»

* * *

*Морис æ дзубанди ку фæцæй, уæд æй бафарстон:*

*– Æма куд банифс кодтай уотæ изолмæ æнæ ести документ, æнæ 'хца еунæгæй рандæун?.. Нæ тарстæ?..*

*Е бахудтæй:*

*– Æма гъæуама цæмæй тарстайнæ? Уæди доги Советон Цæдеси кæмидæр адтайсæ – иуазæг нæ адтæ, хеуон, советон. Мæнæ нур фæккæрæдземæ 'нцæ кæддæр æнсувæртæй цæрæг адæмтæ, кæрæдземæн цæсти синдзæ фестадæнцæ. Растдæр зæгъгæй ба – уотæ сæ ахъелунцæ сæ нури «бодзотæ».*

## «БЯШИМ, МÆ АДРЕС МА МИН ГЪУДИ КÆНИС?..»

Тæккæ дессагдæр ба е æй, æма аци хабæрттæ нæ еци дзубандитæбæл нæ фæцæнцæ. Еубонæ мæмæ мæ фидæ телефонæй дзоруй æма мин цийнæгæнгæй загъта:

– Зонис, мæ кизгæ, мæ туркменаг лимæни иссирдтон, æгас ма 'й, цæруй æ райгурæн бæсти, Марыйи облæсти. Æнæгъæнæ дæс æма дууинсæй анзи кæрæдзей бæрæгæн неци зудтан…

Фæстæдæр ба мин бæлвурддæр рахабæрттæ кодта. Цæветтонгæ, Гизæли нæ зонгитæй кæмæдæр дууæ туркменаг биццеуи кустонцæ, хæдзарæ ин цалцæг кодтонцæ. Мæ фидæ сæ хæццæ исæмбæлгæй сæ бафарста, кæцæй айтæ, Туркмений кæци рауæнæй айтæ, зæгъгæ, уæд лæхъуæнтæй еу загъта Марый сахарæй. Æма син уæд Морис ракодта Бяшими хабæрттæ, балигъстæ син кодта, æ бæргутæ мин базонайтæ, зæгъгæ. Уой фæсте дуккаг æви æртиккаг бон лæхъуæн Морисмæ фæдздзурдта æма имæ телефон æвдесуй:

– Мæнæ е æй Бяшим Курруков, кæд дæ фæндуй, уæд радзорæ æ хæццæ…

– Еу усмæ исдзорунгъон дæр нæбал адтæн – уотæ дессаг мæмæ фæккастæй – мæхе цæститæй уинун: мæ дзæбæх туркменаг лимæн, æнсувæри цард ке хæццæ кодтан, е дæлæ бадуй фæлмæн къæлæтгини хæдзарон дарæси æма ходæзмолæ кæнуй, уомæн дæр æхцæуæн куд нæй, кæрæдзей бабæй ке иссирдтан, цардæгас ма ке ан… Фæккаргунхуз æй, гъай-гъай, фал æй уæддæр базудтон. Уæдмæ мæмæ æхуæдæг дзоруй: «Зонун æй, Морис, агурдтай мæ, фарстай мæбæл ме 'мбæстонти, арфиаг уо, хъæбæр æхцæуæн мин æй!»

Æз æй фæрсун:

– Бяшим, мæ адрес ба ма мин гъуди кæнис?

Е дин уайтæккидæр уотæ: «Северо-Осетинская АССР, Ирафский район, село Толдзгун…» Гæгъæдимæ дæр не 'ркастæй, уотемæй! Ракодта мин æ бийнонти, цæуæти, цæуæти цæуæти дзæбæх хабæрттæ, æз дæр ин радзурдтон мæхе, мæхеуонти туххæй. Бадзубанди кодтан, амæйфæстæмæ, кæдмæ цæрæн, уæдмæ дæр кæрæдзей куд некæд иронх кæндзинан, ахиддæр ке игъосдзинан кæрæдзей дзурд – бастдзийнади гæнæнтæ кæд адтæнцæ нури хузæн!

Хæлардзийнадæ, лимæндзийнадæ, æнгарæбæл æхцул – адæймаги еци хиццаг менеугутæн алкæддæр уæлдай кадгин бунат уидæ адæмти царди. Æма, æвæдзи, изолдæр дæр гъæуама уотæ уа…

Фашистон концлагерти ахæститæ исуæгъдæ кæнуни Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 11 апърели.

***Владимир НЕМИРОВИЧ-ДАНЧЕНКО (1858-1943), Советон Цæдеси адæмон артист, Евгений Вахтанговмæ финста: «Арфиаг ди дæн, бæрзонд аййевадон цийнæдзийнадæ ке хæссис, дæ ездон æскъуæлхтдзийнадæй, театри нуриккондæр фарстатæ лух кæнунмæ дæ нифс ке хæссис, Аййевадон театрæн ном ке кæнис, уомæй...»***



Дзæуæгигъæу. Аци азгъунсти кæддæр ци гимнази адтæй, уоми ахур кодта Евгений Вахтангов.



Евгений Вахтангови номбæл Уруссаг драмон театр Дзæуæгигъæуи.



Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл театр.

# ÆНÆГЪÆНÆ ДУЙНЕТÆБÆЛ РАЙГЪУСТÆЙ Æ НОМ

«Аци азгъунсти ахур кодта æма си 1903 анзи гимнази каст фæцæй советон аййевади æскъуæлхт архайæг Евгений Багратиони фурт Вахтангов», зæгъгæ, уæхæн финст фæууинæн ес Дзæуæгигъæуи 5-аг скъолай азгъунсти фарсбæл æвæрд мемориалон фæйнæгбæл.

Евгений Вахтангов райгурдæй сахар Дзæуæгигъæуи 1893 анзи уруссаг-сомехаг гъæздуг бийнонти æхсæн. Æ фидæ Багратион адтæй тамакугæнæн тæккæ устурдæр фабрики хецау. Карз лæг адтæй æ фидæ, адтæй имæ айдагъдæр еунæг мæтæ, куд фулдæр пайда райса æ фабрикæй, æма имæ ци 200 адæймаги куста, уони цар стъегъун. Æхсæз анзи ибæл ку цудæй, уæд æй рарвистонцæ Калакмæ гурдзиаг æма сомехаг æвзæгтæ ахур кæнунмæ. Уоми цардæй æ фиди мæгур хæстæгутæмæ. Хæдзари цидæриддæр уæззау куститæ адтæй, етæ æрæнцадæнцæ биццеуи усхъитæбæл æма ин ахур кæнунмæ минкъий рæстæг изадæй.

Уой фæсте фæстæмæ æрæздахтæй Калакæй сæхемæ æма ахур кæнун райдæдта классикон гимназий, нуртæккæ нæ сахари 5-аг скъола кæми æй, еци азгъунсти. Аци рауæн æ зæрди райгурдæй устур уарзондзийнадæ театрмæ, уæдта музыкæмæ дæр. Е ’мбæлттæ ’й худтонцæ «Цитгин кафæг» æма ходæги гъуддæгутæбæл хуæцæг. Е бæлдтæй æ фиди фабрикæй театр исаразунмæ.

Гимназий æригон Вахтангов базонгæ ’й революцион къуари архайгути хæццæ. Уони гъудæй зонун, фабрики цал косæги ес, бонæ цал сахаттей бæрцæ косунцæ æма мизд цæйбæрцæ есунцæ, уой. Æма син сæ биццеу сосæггай амал кодта.

Гимназий ма ку ахур кодта 7-аг къласи, уæд цирки, æ фиди фабрики бакомкоммæ исæвардта спектакль «Детство Ванюшина». 120 билети ба лæвар байурста фабрики косгутæн. Уой фæсте ба архайдта «балкабарей» мæгур студентти пайдайæн.

Хъæбæр имæ мæстгун кодта æ фидæ, «Вахтангов» финст ку фæууинидæ игъосункæнуйнæгти, уæд имæ æ тог рафицидæ. Еууæхæни фидæ æма фурти ’хсæн рауадæй уæхæн карз дзубанди: «Ду гъæр кæнис: аст сахатти косгæ бон, сæйгæдæнттæ, скъолатæ. Зонæн, уæ фидтæлти фæскъилдун арæхсетæ гъæр кæнун: Эксплуатаци! Бахатир кæнетæ! Фал ду, ду ба цæмæй цæрис? Ке æхцатæй? Ке фæллойнæй? Цæмæннæ ниууадзис алцидæр? Гимназий ахур кæнис æма дæ фиди бæрзæйбæл бадис, стъегъис?.. Нæ, мæ хор, мæн рæсугъд дзубандитæй нæ расайдзæнæ. Неци лæдæретæ цардæн...»

Фал Евгений æ фиди еци дзубанди игъосгæ дæр нæ кæнуй. Уомæн æ зæрди æрбалæудтæй, гъæунги цæугæй ибæл сувæллæнттæ – æ фиди косгутæ сæхе куд райеуварс кæнунцæ, е. Капиталисти фурт, дан. Æма раст æнцæ, – гъуди кæнуй Евгений æмæ зæгъуй æ фидæн: «Мах еу æвзаг не ’ссердзинан!»



Евгений Вахтангови цард æма исфæлдистади, уæдта Цæгат Иристони хæццæ æ бастдзийнæдти туххæй нæ республики уагъд æрцудæй хецæн киунугутæ.

Кæд фиди æгириддæр нæ фæндадтæй, уæддæр 1903 анзи е бацудæй драмон-аййевадон скъоламæ. Ке нæ байгъуста æ фиди загъдмæ, уой туххæй ин æ бийнонтæ агъаз дæр нæбал кодтонцæ. Гъе уотемæй устур капиталисти фурт раги балæдæрдтæй буржуазон бийнонти æцæг цæсгон, раги бавзурста тухст æма мæгур царди адæ.

Фидæ æма фурт бустæгидæр кæрæдземæй фæххецæн æнцæ 1905 анзи, Евгений æ хæццæ скъолай ци кизгæ ахур кодта – Надеждæ Байцуровай ку ракурдта, уæд. Фидæ фæсмон кодта, æ фурти ке исахур кодта, уобæл. Уомæн æ бæлдæ адтæй æ фуртæн миллионери кизги ракорун.





Евгений Вахтанговæн ци берæ циртдзæвæнтæ æвæрд æрцæуй, уонæй еу æй Дзæуæгигъæуи (галеуæрдигæй) нурæй фæстæмæ æ Хæдзарæ-музей кæми уодзæнæй, уомæ хæстæг; иннæ ба æй Мæскуй, æ номбæл театри рази.

Æнзтæ цудæнцæ. Берæ пьеситæ исæвардта æригон Вахтангов сценæбæл, берæ рольти рагъазта. Е ’сфæлдистади сæйрагдæр медес адтæй буржуазон æгъдæутти нихмæ гъæддухæй тох кæнун. Æ фиццаг спектакльти – «Праздник мира» æма «Потоп»-и Вахтангов раргом кодта капиталистон æхсæнади моралон гъæн-дзийнæдтæ æма эгоизм.

Анз æма æрдæгмæ æнтæстгинæй каст фæцæй Мæскуй А.И. Адашеви аййевадон театралон скъола. Æ финсæн киунуги ин ес бакæсæн уæхæн финститæ: «1911 анз, 26 (8) февраль. Цидæр æнамонд бон æй. Æхца некæми ес иссерæн. Сехуар дæр не ’скодтон. Сæумæй æхсæви 12 сахаттемæ баниуазтон айдагъдæр цуппар агувзи цай æма бахуардтон еу дзоли къæбæр»...

1913 анзи кæронмæ Е.Б. Вахтангов иссæй студентти драмон студий разамонæг. Еци студи 1917 анзæй фæстæмæ хонун райдæдтонцæ «Мæскуй Е.Б. Вахтангови драмон студи». 1920 анзи студи бацудæй Мæскуй аййевадон театрмæ. Уой фæсте 1926 анзи еци театр иссæй «Е.Б. Вахтангови номбæл паддзахадон театр».

Вахтангови ном, куд театралон æма искурдиадæгин режиссер, райгъустæй æнæгъæнæ бæстæбæл. Еци-еу рæстæг е куста ахургæнæгæй театралон дууæ скъолай, аллирдигæй æй театрти разамонгутæ сæхемæ худтонцæ æма си курдтонцæ, цæмæй син пьеситæ исæвæра. Уæззау уавæртæ, берæ æнæнцойнæ бæнттæ æма æхсæвтæ, бийнонти сагъæс æма мæтæ бакодтонцæ сæ кæнон – Евгений нæбал бафæразта æма 1922 анзи рамардæй уæззау незæй.

1922 анз... Вахтангов æвардта æ фæстаг пьесæ «Принцесса Турандот». Е бæлдтæй рагон италиаг комеди иснæуæг кæнунмæ. Фал адтæй мæлæтдзаг сæйгæ. Сæйуй ахсæни ракæй. Байзадæй ма ин дууæ-æртæ мæйи цæрæнбон. Нæ ин æй гъæр кæнунцæ дохтиртæ, фал æй æхуæдæг лæдæруй. Уомæ гæсгæ тагъд кæнуй, косуй æхсæвæ дæр æма бонæ дæр. Еци анз 24 феврали адтæй æ фæстаг репетици æ царди.

Уотæ æнæнцойнæ æма уодуæлдай куст кодта е кæддæриддæр аййевади, адæми, æ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, нез, тухстдзийнæдтæ æма гъæуагæдзийнæдтæ нецæмæ даргæй.

Октябри революций фæсте Е.Б. Вахтанговæн фондз пьесæй æндæр сценæбæл исæвæрун нæ бантæстæй. Кæд берæ нæ адтæнцæ бæрцæй, уæддæр Вахтангови ном райгъустæй æнæгъæнæ дуйнебæл æма байахæста устур бунат тæккæ игъустгонддæр режиссерти æмрæнгъæ.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 950. Заказ № 730.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.04.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.